

[INSERT DATE]

Chè \_\_\_\_\_:

Dapre repons ou te bay nan Kesyonè sou Lang ou Pale Lakay (*Home Language Questionnaire*) ou te ranpli lè enskripsyon an, e dapre rezilta yon entèvyou endividyèl, yo te sèvi ak Egzamen Leta Nouyòk pou Idantifikasyon Elèv ki Po Ko Ka Fonksyone nan Angle Tou Sèl [*New York State Identification Test for English Language Learners (NYSITELL)*] pou yo teste pitit ou, \_\_\_\_\_, nan dat \_\_\_\_ [DATE] \_\_\_\_\_. Rezilta NYSITELL la bay nivo konpetans li nan lang Angle ak elijiblite l pou l resevwa sèvis pou Elèv ki Po Ko Ka Fonksyone nan Angle Tou Sèl [*English Language Learner (ELL)*]. Nòt pitit ou a fè mete l nan nivo \_\_\_\_\_ NYSITELL la (gade esplikasyon an pi ba a), sa ki kalifye l pou l resevwa sèvis pou Elèv ki Po Ko Ka Fonksyone nan Angle Tou Sèl (ELL) nan yon pwogram Edikasyon Bileng (*Bilingual Education*) oswa nan yon pwogram Angle kòm Nouvo Lang (*English as a New Language*).

Tcheke <input checked="" type="checkbox"/> nivo a	Nivo	Deskripsyon Nivo Konpetans nan Lang Angle
<input type="checkbox"/>	<b>K ap antre (Debitan)</b>	Elèv la depann anpil sou sipò ak estrikti pou l amelyore ladrès akademik li nan lang e li po ko pare pou l satisfè demann lengwistik ki nesèsè pou l demontre konpetans li nan lang angle nan divès kontèks akademik nan nivo li ye a.
<input type="checkbox"/>	<b>Emèjan (Entèmedyè fèb)</b>	Elèv la depann plizoumwèn sou sipò ak estrikti pou l amelyore ladrès akademik li nan lang e li po ko pare pou l satisfè demann lengwistik ki nesèsè pou l demontre konpetans li nan lang angle nan divès kontèks akademik nan nivo li ye a.
<input type="checkbox"/>	<b>Nan Tranzisyon (Entèmedyè)</b>	Elèv la demontre li plizoumwèn endepandan pou l amelyore ladrès akademik li nan lang, men li po ko pare pou l satisfè demann lengwistik ki nesèsè pou l demontre konpetans li nan lang angle nan divès kontèks akademik nan nivo li ye a.
<input type="checkbox"/>	<b>Ann Ekspansyon (Avanse)</b>	Elèv la demontre li gen bon jan endepandans pou l amelyore ladrès akademik li nan lang e li prèske pare pou l satisfè demann lengwistik ki nesèsè pou l demontre konpetans li nan lang angle nan divès kontèks akademik nan nivo li ye a.

**Li enpòtan pou ou vini nan ORYANTASYON POU PARAN an pou ou kapab jwenn enfòmasyon sou diferan pwogram ak sèvis pou Elèv ki Po Ko Ka Fonksyone nan Angle Tou Sèl (ELL) ki disponib pou pitit ou.**

Nan eta Nouyòk, lekòl yo gen obligasyon pou yo òganize oryantasyon pou fanmi ELL ki fèk enskri pou bay paran ak responsab legal timoun yo enfòmasyon sou diferan pwogram ELL ki disponib nan lekòl oswa nan distri yo. Nan oryantasyon an, ou ap resevwa enfòmasyon ak dokiman nan lang ou alèz ladan l sou pwogram ELL e ou ap kapab poze kesyon sou sèvis pou ELL yo avèk èd yon entèprèt, si ou bezwen. Nan fen oryantasyon an, ou ap tcheke sou yon Lis Kontwòl Oryantasyon pou Paran ELL pou ou konfime si ou gen enfòmasyon ki nesèsè pou ou pran desizyon pou pitit ou. Y ap ba ou tou on fòmilè Plasman Elèv ELL k ap pèmèt ou pran desizyon final sou sèvis ou ta vle pitit ou resevwa. Enfòmasyon sa a ap disponib nan lang ou pi alèz ladan l lan.

Y ap òganize ORYANTASYON POU PARAN an nan dat \_\_\_\_ [Date] \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_ [Time] \_\_\_\_\_ nan adrès sa a :

[Address]

Tanpri, rive bonè pou nou ka kòmanse alè. Si ou pa ka vini nan oryantasyon sa a, tanpri rele \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_ pou ou pran yon randevou pou ou vin pran enfòmasyon sou pwogram ELL ki disponib pou pitit ou. Nou espere pitit ou a ap pase yon bon ane akademik nan lekòl la. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwogram pitit ou a, tanpri kontakte \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_.

Dapre Pati 154-2.3 (b) ou gen 45 jou lekòl pou ou mande pou yo tounen sou desizyon sa a. Si ou ta vle distri a pran yon lòt desizyon sou jan yo idantifye pitit ou a, ou gen 45 jou lekòl pou ou voye yon demann alekri nan lekòl la.

Respè,

Fè yon tchèk la a si oryantasyon an fèt pandan enskripsyon an.

**SCHOOL MUST MAINTAIN COPY IN STUDENT'S CUMULATIVE RECORD**